



North Carolina Department of Commerce Division of Employment Security Unemployment Insurance

LÈT POTANSYÈL POU ELIJIBLITE TTER

_____ (Dat li Voye)

[Chè Travayè ki Afekte pa Komès la,

**NOU EGZIJE W YON AKSYON IMEDYA POU APLIKE POU SÈVIS
PWOGRAM KOMÈS LA.**

Lwa 1974 sou Komès la, reyotorizasyon 2015, te kreye yon pwogram Èd ajisteman Komès (Trade Adjustment Assistance, TAA) pou ede moun ki te pèdi travay yo akòz de ogmantasyon konkirans etranje a pou retounen nan yon travay konvenab. Depatman Komès la, Divizyon Travay la, administre kèk sèvis pwogram Lwa sou Komès. Divizyon Solisyon Travay la te enfòmè pa ministè Travay Etazini an ke Petisyon nimewo _____, ki te depoze nan non travayè yo _____, nan _____ (vil), _____ (eta), te sètifye nan _____ (dat) pou pèmèt travayè yo fè demann sèvis ak avantaj TAA yo.

Pwogram TAA a ofri sèvis ak avantaj sa yo:

- Sèvis Ranbochman
- Alokasyon Rechèch Travay
- Alokasyon Demenajman si yon nouvo travay egzije w deplase
- Pèman frè lekòl, liv ak frè si ou enskri nan yon fòmasyon ki apwouve
- Pèman sipò revni, Trade Readjustment Allowance TRA atravè Asirans Chomaj la.
- Pèman yon salè sibvansyon atravè Pwogram Reemployment Trade Adjustment Assistance (RTAA) la pou travayè ki gen 50an oswa plis.

Nan objèktif pou detèmine si ou annakò avèk egzijans elijiblite yo pou resevwa alokasyon selon pwogram Lwa sou Komès la, ou dwe aplike pou yon rezolisyon elijiblite pou moun pandan w ap fè depozisyon yon demann. Ou kapab aplike sou entènèt pandan ou pral ale nan Sant Swen Sèvis Kliyantèl la (Customer Care Center ,CCS) sou sit WWW.DES.NC.GOV. Si ou pa gen aksè pou fè depozisyon an sou entènèt, ou kapab rele Sant Swen Sèvis Kliyantèl Depatman Sekirite Travay la nan **888 737-0259** pandan lè ouvrab regilye nou yo. Apeprè de semèn aprè ou fin fè depozisyon demann ou an, ou pral resevwa yon rezolisyon ki ba w dwa avèk Èd Ajisteman Komès avèk Alokasyon Reyajisteman Komès nan mel la. Si rezolisyon w lan deklare ou gen dwa pou aplike pou Èd Ajisteman Komès la, ou dwe rele Sant Karyè NCWorks ki pi pre w la pou pwograme yon randevou. **Vini avèk lèt sa avèk ou nan moman randevou w la pwograme a.** Ou kapab jwenn sou entènèt la yon lis de tout Sant Karyè NCWorks yo ak nimewo telefòn nan WWW.NCWORKS.GOV anba Resous avèk Sèvis (Resources & Services). Si ou rezide nan yon lòt eta oswa ou planifye pou deplase ale nan yon lòt eta prezante lèt sa bay Sant Travay Ameriken an oswa "One Stop Carrier" ki pre a.

Tout alokasyon dwe apwouve alavans. **Gen kèk tan ou dwe fè fas ak**

egzijans ki sansib pou konsiderasyon alokasyon yo selon pwogram sa.
Sepandan, li enpòtan pou ou rele Sant Karyè NCWorks la osi vit ke posibil pou aplike pou alokasyon TAA yo. Ou kapab jwenn enfòmasyon adisyonèl ki konsène TAA pandan w ap rele Divizyon Solisyon Travay la nan 919 814-0373. Objèktif nou se ba ou pi bon sèvis ki disponib ki kapab fè ou retounen travay byen vit.

NC DWS TAA01

Ede nou sispann fwod!

Deklare Fwod UI ki Soupsonne
sou entènèt la nan

www.des.nc.gov

Post Office Box 25903 Raleigh, North Carolina 27611-5903